



Amakuru avuguruwe ya COVID-19 yo kumurwa mukuru wa Burlington

Ikigo c'amakuru shingiro no kuvugurura ya
COVID-19 I Burlington (RRC)

Ruheshi 2021
(Ikirundi)

Incamake:

- Imigambi Y'urwaruka Y'impeshi
- Amakuru Y'urucanco rwa COVID-19
- Ingingo yo Kwiga Hakiri Kare – Ukwitaho Abana Bitazimvye
- Ibiteramo Vy'impeshi vyo Kubuntu ku Miryango
- Ibifungurwa Vy'impeshi vyo Kubuntu ku Rwaruka rufise Imyaka 18 n'iyiri Musi
- VERAP – Umugambi Wihuta W'ubufasha bwo Kuriha Uburaro wi Vermont
- Kubandanya, Kuja Hejuru – Umugambi wo Kwigisha Akazi Abafasha baba foroma Babifitiye Urupapuro Rw'umutsindo (Licensed Nursing Assistant (LNA))
- Itohoza Ry'umukuru W'igiporisi ca Burlington

Imigambi Y'urwaruka Y'impeshi



Kuwa 2 Ruheshi, Umukuru W'igisagara Miro Weinberger yatangaje ukwihatira kumigambi y'urwaruka y'impeshi hamwe n'ibikorwa vy'umuryango vy'impeshi 2021. Murakoze kumutahe urenga \$400,000 wavuye mu Munteguro Y'igihugu Y'ugutabara Umunyamerika, Igisagara ca Burlington carakiriye infashanyo muguteza imbere gushikira k'ubuntu canke kugiciro kigabanije imigambi y'impeshi hamwe no kwagura amahirwe y'imigambi ku rwaruka.

Imigambi yaguwe & ubufatane burimwo ubutange bivuye:

- Ubugenegene bwo Mugisagara ca Burlington - <https://www.burlingtoncityarts.org/adult-youth-and-family-classes>
- Parike ya Burlington, Kwidagadura hamwe no Kunkombe Z'amazi - <https://enjoyburlington.com/youth-camps/>
- Isomero ryo Kubuntu rya Fletcher - <https://www.fletcherfree.org/>
- Ikigo co Kwibarabara Ry'umwami
- Sara Holbrook
- Ikigo Flynn
- Ishure ryo mu Karere ka Burlington

Hagati mukuba mu migambi, hazobaho amahitamwo atandukanye harimwo igice c'umusi canke umusi wose w' amakambi, hamwe zose ngufi n'amahitamwo yo mw'iyinga menshi. Mugihe amakambi atandukanye azokwihatira ku bintu bitandukanye, abana bokwitega amahitamwo ku bikorwa nko kuryoherwa hanze, kwintonora, ubugenegene hamwe n'ubukonikoni, gusoma, kwiga, hamwe n'ibindi vyinshi!

Kubibazo kukintu gihari ubu hamwe n'ukuntu basaba, nyabuna hamagara ikigo RRC kuri recovery@burlingtonvt.gov canke 802-755-7239. Uwuzofasha gusigura muzindi ndimi kuri terefone arahari.

Incanco za COVID-19



N'iciyumviro ciza misi yose kwikingira ubwawe hamwe n'umuryango COVID-19! Nimba ukeneye ubufasha mugusaba urucanco rw'ubuntu kandi rutekanye kumuntu uwariwe wese afise imyaka 12+ nyabuna hamagara ikigo RRC kuri 802-755-7239, AALV kuri 802-985-3106, canke USCRI kuri 802-655-1963 kugira bakurangire ivuriro.

Ingingo yo Kwiga Hakiri Kare – Ukwitaho Abana Bitazimvye



Umugambi w'ubufasha
bwo kwiga



Ukeneye ubufasha mu kuriha ukwitaho umwana? Umwana wawe ashobora kwemererwa mu Ntambwe Zambere Z'umugambi W'ubufasha bwo Kwiga

Imiryango yemerewe irashobora kuronka [Intambwe Zambere Z'ubufasha bwo Kwiga](#) biciye kumurwa mukuru wa Burlington, mugufasha ku kiguzi c'ubufasha bwo kwitaho umwana bw'umwanya wose kumigambi bemerewemwo! Mugusaba, Imiryango ikenerwa kuba iba i Burlington, bakwije imirongo ngenderwako yo kuronka amahera, kandi bafise umwana afise amayinga 8 gushika kumyaka 2 ½.

UKUNTU USABA:

Ubusabe bwemerewe kubasaba ubufasha bwo kwiga mukiringo ca 2020-2021. Mugusaba, hamagara canke urungike ubutumwa bwa none (email) kwa Paula Bonnie kuri paula@letsgrowkids.org canke 802-398-5464. Urashobora kandi guhamagara RRC Ikigo co Guhamagra kuri 802-755-7239 kugira bagufashe. Ubufasha bwo gusigura muzindi ndimi kuri terefone burahari.

Iga vyinshi kuri www.burlingtonvt.gov/it/earlylearning.

Ibiteramo Vy'impeshi vyo KUBUNTU ku Miryango



INTABO YA SPLASH – Buri Wagatanu kuva Ruheshi igenekerezo rya 4 – Nyakanga igenekerezo rya 10

Abana bazokwidagadurira mur'ino mpeshi Munzu nini ya Parike yo Kumurwa mukuru ifise ibikinisho bishasha vyo gukina n'amazi! Amatara atandukanye, intebe zitembera-gushikira imigezi ije ahabona ino mpeshi hamwe n'Intambo za Splash. Kuyagatanu 15, DJs bo mukibano bazovuzza indirimbo zikunzwe mu miryango mugihe imigezi izoba iriko irakina kuruhande. Imiryango izotangura impera y'iyinga mugutamba urutonde ruzunguruka rw'indirimbo zitezwe zaba DJs muri uno mugambi wambere utari bwigere ubaho.

URUKURIKIRANE RW'IBITERAMO VYA TWILIGHT – bur'iyindi yagatanu niya Gatandatu isaha 7 inyuma y'umutaga, guhera Ruheshi igenekerezo rya 18

Uru n'urukurikirane rw'ibiteramo rushasha rutangaza imigwi y'umuziki yambere ya Vermont mumugoroba w'inkoramutima uteguwe hagati mugisagara co hasi.

UWAGATANDATU W'UTUGENEGENE KU MIRYANGO – Buri Wagatandatu wa 4 w'ukwezi (igiteramo gikurikira Ruheshi igenekerezo rya 26 kuva 11 imbere y'umutaga-1 inyuma y'umutaga)

Imiryango iratumiwe gushira Mukigo C'utugenegene co kumurwa mukuru wa Burlington utuntu mugukora ibikorwa vyabo vyutugenegene barabiye kwiyerekanwa ry'utugenegene rya none. Buri Wagatandatu W'utugenegene Tw'umuryango ni kubuntu kandi utanga imigambi yakozwe y'utugenegene itandukanye izoshusha iviyumviro vy'abanyamuryango bawe.

Ibifungurwa Vy'impeshi vyo Kubuntu ku Rwaruka rufise Imyaka 18 n'iyiri Musi

Ivankenerwa mugufungura kubanyeshure ntibizohagarara igihe ishure rikora. Gufasha abanyeshure guhimbaza impeshi n'infungurwa zo mukibano zitekeweho! Umugambi W'infungurwa Kumashure ya Burlington utanga infungurwa z'impeshi kubuntu kubana bose hamwe n'imiyabaga. Ntabusabe canke kwiyandikisha bikenewe! Injiza mumwanya w'ifungurwa utondetswe aho hasi.

**Amasaha Y'impeshi ya 2021 – Rusama igenekerezo ray 21 gushika Mwandagaro igenekerezo rya 20
Iboneka Kuwambere gushika Kuwagatanu**

Inyubakwa Ziruhande Y'uruzi

Infungurwa za saa sita 11:00imbere y'umutaga-2:00inyuma y'umutaga (Zitangwa 12)

Inyubakwa zo Muburengero bwa Meadow

Infungurwa za saa sita 11:00imbere y'umutaga-2:00inyuma y'umutaga (Zitangwa 12)

Inyubakwa za Franklin Square

Infungurwa za saa sita 11:00imbere y'umutaga-2:00inyuma y'umutaga (Zitangwa 12)

Infungurwa zoroheje 5:00inyuma y'umutaga-7:00inyuma y'umutaga (Zitangwa 5:30)

Parike ya Roosevelt

57 Oak Street, Burlington

Infungurwa zo kumugoroba 4:00inyuma y'umutaga-6:30 inyuma y'umutaga (Zitangwa 5)

Bishasha! Inzu nini ya Parike yo Kumurwa mukuru

Inzu nini ya Parike yo Kumurwa mukuru(City Hall), 149 Church Street

Infungurwa za saa sita 11:00imbere y'umutaga-2:00inyuma y'umutaga (Zitangwa 12)

Bishasha! CP Amashure Y'intango ya Smith

332 Ethan Allen Pkwy

Infungurwa zoroheje 1:00inyuma y'umutaga-4:00inyuma y'umutaga (Zitangwa 2)



Mugutora hafi yawe ibibanza vy'infungurwa z'impeshi zo kubuntu ahariho hose muri Vermont, hamagara 2-1-1 (ubufasha bwo gusigura muzindi ndimi kuri terefone burahari) canke wandike INFUNGURWA kuri 877-877 (Icongerezza).

Umugambi Wihuta W'ubufasha bwo Kuriha Uburaro wi Vermont

UKENEYE UBUFASHA MUKURIHA UBURARO?



Amahera y'uburaro hamwe n'ubufasha mukugura ivyankenerwa ariho mugufasha abanya Vermont mukwirinda kwirukanwa mumazu hamwe no kubarihira ivyankenerwa!

Umugambi ufasha imiryango kuriha **amahera y'inzu y'ubu nayo muri kahise, ivyankenerwa vy'ubu nivy muri kahise hamwe n'igiciro c'inguvu, hamwe n'ibindi vyankenerwa birabana n'inzu.** Ubufasha ku vyankenerwa bushobora kugirwa n'umuyaga nkuba, gaze, amazi, ubucafu bwo munzu, umwanda wo mu gikoni, hamwe n'igiciro c'inguvu, nk'igitoro. Ubufasha buzotegerezwa kwuzuzwa na bompzi uwukotesheje uburaro hamwe na nyene itongo, kandi bazoriha nyene itongo bitarinze guca kuwukotesheje uburaro.

Urubuga Web (Website): <https://erap.vsha.org/> (Gusobanura muzindi ndimi birahari)

Kubijanye N'ubufasha bwo Gusaba Hamwe no Gushigikirwa Muvy'ururimi, hamagara:

AALV – Ishiramwe Ry'abanyafurika Baba muri Vermont

<http://www.aalv-vt.org/>
(802) 985-3106

CVOEO – Iterambere Muvy'ubutunzi Kumugambi Mushasha W'abanyamerika

<https://www.cvoeo.org/>
(802) 860-1417 x117

USCRI Vermont – Komite ya U.S. Y'impunzi Hamwe N'abimukira

<https://refugees.org/uscri-vermont/>
(802) 655-1963

Kubandanya, Kuja Hejuru



URITEGURIYE IMPINDUKA?

Tangura UMURIMO MUSHASHA muvy'amagara y'abantu hanyuma UJE HEJURU!

Uronke IMISHAHARA MININI NK'umufasha W'umu Foroma Yabiherewe Urupapuro Rw'umutsindo (Licensed Nursing Assistant (LNA)). Uyu mugambi w'amayinga 10 ni KUBUNTU kubabisavye bemerewe, bazorihwa kandi kunyigisho zabo zogushira mungiro ivyo bize. Ubufasha bwiyongereye muvuyo kwiga buzotangwa. Iki cigwa kizotangwa biciye kubuhinga bwa none hamwe n'amaso muyandi, amajoro atatu kw'iyinga.

Ivyiciro vy'inyigisho ziza bitangura:

- Mukakaro igenekerezo rya 13
- Nyakanga igenekerezo rya 8
- Gitugutu igenekerezo rya 26
- Kigarama igenekerezo rya 13

Gusaba:

Temberera www.burlingtonvt.gov/covid-19/LNA

Kubibazo, rungika ubutumwa kubuhinga bwa none (email) gnanton@burlingtonvt.gov.

Itohoza Ry'umukuru W'igiporisi ca Burlington



Umurwa mukuru wa Burlington uriko urondera umukuru w'igipolisi azokurikira! Umurwa mukuru witeguye kwegeranya inyishu zivuye mukibano kubijanye n'ivyiza bashaka kubona kumuyobozi w'igisata c'igiporisi azokurikira, hamwe n'ibintu biza imbere y'ibindi igisata c'igiporisi gitegerewe kuba gifise muri kazoza. Itohoza ryasobanuwe mundimi 8 zitandukanye, kandi rishobora gushirwa mururimi rutandukanye ukoresheje aka buto kari hejuru munfuruka y'iburyo.

Tora itohoza: https://www.surveymonkey.com/r/btv_police_chief_search

Ibibazo? Ukeneye Ubufasha?

Ikigo **C'amakuru Shingiro no Kuvugurura ya COVID-19 I Burlington (RRC)** kiri ngaha kugira gifashe, duhamagare kuri 802-755-7239 canke recovery@burlingtonvt.gov hanyuma usige ubutumwa burikumwe n'izina ryawe, ururimi ukoresha, hamwe na numero yawe uronkerako amakuru kandi tuzogufasha hakiri kare bishoboka. Ikigo cacu co guhamagra kirafise ubufasha bwo gusobanura kuri terefone mu ndimi zitandukanye. Amasaha yacu y'akazi ni Kuwambere gushika Kuwagatanu, 8:00imbere y'umutaga-4:30inyuma y'umutaga.

Rondera ubusobanuzi:

Igisata C'amagara Y'abantu ca Vermont

<https://www.healthvermont.gov/media/translation/covid-19-translations>

Umurwa Mukuru wa Burlington

<https://www.burlingtonvt.gov/covid-19/translated>

Akazi K'indimi Zitandukanye I Vermont:

<https://www.youtube.com/channel/UC3zjPpeFnXqvESr1y3d4DvQ>

Amakuru muri runo rwandiko ashobora guhinduka nkuko amabwirizwa ngenderwako ahinduka ku rwego rw'igihugu hamwe na reta.